



Ages & Stages Questionnaires®



Soti nan 57 mwa 0 jou pou rive nan 66 mwa 0 jou

Kesyonè 60 mwa

Tanpri souple, reponn kesyon sa yo. Sèvi ake yon plim ki gen lank ble oswa lank nwa epi ekri byen pou tout moun ka li.

Ekri dat you ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou timoun nan

Siyati timoun nan: _____ Inisyal non batèm li: _____ Prenon timoun nan: _____

Ki sèks timoun nan: Gason ☐ Fi ☐ Dat nesans li: _____

Moun kap ranpli kesyonè sila a se

Prenon: _____ Inisyal non batèm li: _____ Siyati: _____

Kisa ou ye pou timoun nan: Paran ☐ Moun ki responsab timoun nan nan gadri ☐ Traveyè sosyal oswa travayè lasante ☐

Pwofesè ☐ Granpè / granmè oswa yon lòt paran ☐ Fanmi ki adopte timoun nan (pansyon timoun) ☐

Yon lòt moun ☐ _____

Adrès ri a: _____ Vil: _____

County: _____ Kòd postal: _____

Pwovens: _____ Nimewo telefòn kay la: _____

Yon lòt nimewo telefòn: _____

Adrès imèl: _____

Bay non tout moun kap ede'w ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou pwogram lan

Nimewo idantifikasyon timoun nan #: _____

Laj timoun nan lè yo anrejistre'l (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____

Nimewo pwogram lan #: _____ Non pwogram lan: _____

Laj yo ajiste a si timoun nan te fèt avan tèm (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____



Kesyonè 60 mwa

Soti nan 57 mwa 0 jou pou
rive nan 66 mwa 0 jou

Pwen ki enpòtan pou sonje:

- ✓ Eseye fe chak aktivite ak tibebe ou anvan w bay yon repons
- ✓ Fè jwèt reponn kesyon sa yo, yon fason pou nou toude jwenn plezi.
- ✓ Asire ke tibebe ou byen repoze epi manje.
- ✓ Tanpri voye kesyonè a tounen oplita: _____

Nòt:

Nan paj sa yo gen kesyon sou bagay timoun piti kapab fè. Pitit ou a gendwa te deja fè kèk nan aktivite ki dekri la a, e gendwa gen kèk ke pitit ou a poko kòmanse. Pou chak atik, tanpri ranpli kare a pou endike si tibebe w la fè aktivite a souvan, pafwa, oswa ou pa nan moman sa a.

Kominikasyon

Wi Pafwa Poko

1. Èske timoun ou an swiv twa kòmand senp ki pa gen rapò yonn ak lòt san w pa montre ni repete pou bay li èd? Di twa kòmand yo anvan timoun ou an kòmanse fè. Pa egzanp, ou ka mande timoun ou an, “Bat men ou, mache ale nan pòt la, epi chita,” oswa “Ban m bik la, louvri liv la, ak leve kanpe.”

☐ ☐ ☐ —

2. Èske timoun ou an sèvi ak fraz ki gen kat ak senk mo? Pa egzanp, èske timoun ou an di, “Mwen vle machinn nan”?

☐ ☐ ☐ —

Tanpri ekri yon egzanp:

3. Lè l ap pale sou yon bagay ki pase deja, èske timoun ou an sèvi ak mo “te,” tankou “te mache,” “te sote,” oswa “te jwe”? Poze timoun ou an kesyon, tankou “Kijan ou te ale nan boutik la?” (“Nou te mache.”) “Kisa w te fè lakay zanmi ou lan?” (“Nou te jwe.”) Tanpri ekri yon egzanp:

☐ ☐ ☐ —

Tanpri ekri yon egzanp:

4. Èske timoun ou an sèvi ak mo konparezon tankou “pi lou,” “pi fò,” oswa “pi kout”? Poze timoun ou an kesyon, tankou, “Yon machin gwo, men yon bis _____” (pi gwo), “Yon chat lou, men yon moun _____” (pi lou), “Yon televizyon piti, men yon liv _____” (pi piti).

☐ ☐ ☐ —

Tanpri ekri yon egzanp:

Kominikasyon kontinye

Wi Pafwa Poko

5. Èske timoun ou an reponn kesyon sa yo? (Maké “pafwa” si timoun'an reponn yon sèl kesyon.)

☐ ☐ ☐ —

“Kisa ou fè lè w grangou?” (Repons ki akseptab gen ladan “chèché manje,” “manje,” “mande yon bagay pou manje,” ak “pran yon ti bagay pou manje.”) Tanpri ekri repons timoun ou an:

“Kisa ou fè lè ou fatige?” (Repons ki akseptab gen ladan “fè yon ti lasyès,” “repoze,” “ale dòmi,” “ale nan kabann,” “kouche,” ak “chita.”) Tanpri ekri repons timoun ou an:

6. Èske timoun ou an repete fraz ki anba la yo pou ou, san erè? (Li fraz yo yonn alafwa. Ou ka repete chak fraz yon sèl fwa. Make “wi” si timoun'an repete toude fraz yo san erè oubyen “pafwa” si timoun ou an repete yon fraz san erè.)

☐ ☐ ☐ —

Jane kache soulye li pou Maria jwenn.

Al li liv ble a anba kabann li.

Total nan seksyon Kominikasyon _____

Gwo Misk

Wi Pafwa Poko

1. Pandan li kanpe, èske pitit ou ka voye yon boul anlè nan direksyon kote yon moun kanpe a distans de omwen 6 pye? Pou li voye'l anlè, timoun ou dwe leve men li nan wotè zepòl li epi li voye boul la devan. (Si li lagé boul la atè oswa li voye boul la ak men li pi ba pase zepòl li, ou dwe maké “poko.”)


☐ ☐ ☐ —

2. Èske timoun ou an atrap yon gwo boul ak toude men? (Ou dwe kanpe nan distans 5 pye epi bay timoun ou an de oswa twa esè anvan ou make repons lan.)


☐ ☐ ☐ —

3. San li pa kenbe anyen, èske timoun ou an kanpe sou yon pye pandan omwen 5 segonn san li pa pèdi ekilib li ni mete pye l atè? (Ou gendwa bay timoun ou an de oswa twa esè anvan ou make repons lan.)

☐ ☐ ☐ —

Gwo Misk kontinye

	Wi	Pafwa	Poko	
4. Èske timoun ou an mache sou pwent pye li nan distans de 15 pye (apeprè longè yon gwo machin)? (Ou ka montre li kijan yo fè sa.)	☐	☐	☐	—
5. Èske timoun ou an sote annavan sou yon pye nan yon distans de 4 a 6 pye san li pa mete lòt pye a atè? (Ou gendwa kite li esè de fwa sou chak pye. Maké "pafwa" si li ka sote sou yon pye sèlman.)	☐	☐	☐	—
6. Èske timoun ou an ka sote sou pye li pandan l'ap itilize yon pye'l avan lot la? (Ou ka montre li kijan pou li ka fè sa.)	☐	☐	☐	—

Total nan seksyon Gwo Misk _____

Ti Misk

	Wi	Pafwa	Poko	
1. Mande timoun ou an trase sou liy ki anba la a avèk yon kreyon. Èske timoun ou an trase sou liy lan san li pa kite liy lan plis pase de fwa? (Make "pafwa" si timoun ou an kite liy lan twa fwa.) _____	☐	☐	☐	—
2. Mande pitit ou a fè desen yon moun sou yon fèy papye vid. Ou ka mande pitit ou a, "Desine yon ti fi oswa yon ti gason." Si pitit ou a te fè yon foto yon moun ki gen tèt, kò, bra ak janm, tcheke "wi." Si pitit ou a desine yon moun ki gen twa pati sèlman make "pafwa". Si pitit ou a desine yon moun ki gen de pati oswa mwens make "poko." Asire w ou mete fèy papye a ak desen pitit ou a ansanm ak kesyonè sa a.	☐	☐	☐	—
3. Lè li sèvi ak sizo ki san danje pou timoun, èske timoun ou an koupe yon papye ande sou yon liy plizoumwat, e li fè lam sizo a monte desann? (Pou rezon sekirite, byen siveye timoun ou an k ap sèvi ak sizo.)	☐	☐	☐	—



Ti Misk kontinye

Wi

Pafwa

Poko

4. Sèvi ak fòm ki anba la yo pou li gade, èske timoun ou an kopye fòm a a san li pa trase? (Desen timoun ou an dwe sanble ak desen fòm ki anba la yo, men yo ka gen diferan gwosè.) Make “wi” si li kopye touletwa fòm yo, make “pafwa” si timoun ou an kopye de fòm.) Espas pou fòm timoun nan.

☐
☐
☐

—



Espas pou fòm timoun nan.

5. Sèvi ak lèt ki anba la yo pou timoun lan gade, èske li kapab kopye lèt yo san li pa trase sou yo? Kouvri tout lèt yo eksepte lèt l’ap kopye a. (Maké “wi” si timoun ou an kopyé kat nan lèt yo, epi ou ka li yo. Maké “pafwa” si timoun ou an kopyé de oswa twa lèt epi ou ka li yo.)

☐
☐
☐

—

V H T C A

(Espas sa se pou lèt timoun nan ekri a).

6. Ekri prenon timoun ou an an lèt detache. Èske timoun ou an ka kopye lèt yo? Lèt yo ka gwo, devan dèyè oswa tèt anba. (Make “pafwa” Si timoun ou an kopye apeprè mwaye nan lèt yo.)

☐
☐
☐

—

Espas granmoun nan ekri.

Espas pou timoun nan ekri

Total nan seksyon Ti Misk Piti _____



Rezoud Pwoblèm

Wi Pafwa Poko

1. Lè yo mande li, "Ki wonn ki pi piti?" èske timoun ou an montre wonn ki pi piti a? (Mande li kesyon sa a san w pa lonje dwèt, ni fè jès oubyen gade wonn ki pi piti a pou bay timoun lan èd.)

☐ ☐ ☐ —



2. Lè yo montre li bagay epi yo mande li, "Ki koulè sa?" èske timoun ou an site senk koulè diferan, tankou wouj, ble, jòn, jonabriko, nwa, blan oswa vèt? (Ekri "wi" sèlman si timoun ou an sèvi avèk senk koulè pou reponn kesyon an kòrèkteman.)

☐ ☐ ☐ —

3. Èske timoun ou an konte jiska 15 san li pa fè erè? Si li fè li, make "wi." Si timoun ou an konte jiska 12 san li pa fè erè, make "pafwa."

☐ ☐ ☐ —

4. Èske pitit ou an fini fraz sa yo avèk yon mo ki vle di opoze de mo ki an italik la? Pa egzanp: "Yon wòch di, epi yon zòrye *mou*."

☐ ☐ ☐ —

Tanpri ekri repons pitit ou an anba la a:

Yon bèf *gwo*, epi yon sourit _____

Glas *frèt*, epi dife _____

Nou wè zetwal yo nan *lannwit*, epi nou wè solèy la pandan _____

Lè m voye yon boul *anlè*, li retounen _____

(Make "wi" si li fini twa oswa kat fraz kòrèkteman. Make "pafwa" si li fini de nan kat fraz yo kòrèkteman.)

5. Èske timoun ou an konnen non nimewo yo? (Make "wi" si li idantifye twa nimewo ki anba la yo. Make "pafwa" si li idantifye de chif.)

☐ ☐ ☐ —

3 1 2

6. Èske pitit ou'a kapab site omwen kat lèt nan non li? Pwente sou lèt yo ak dwèt ou, epi mande'l "Ki lèt sa'a ye? (Pa pwente sou lèt yo an lòd. Pwente sou yo an dezòd.)

☐ ☐ ☐ —

Total nan seksyon pou Rezoud Pwoblèm _____

Pèsonèl Sosyal

Wi Pafwa Poko

1. Èske timoun ou an sèvi tèt li, pran manje soti nan yon veso mete nan yon lòt avèk istansil kwizin? Pa ekzanp, èske timoun ou an itilize yon gwo kiyè oubyen loush pou retire sos pwa nan yon bokal pou mete li nan yon bòl?

☐ ☐ ☐ —

Pèsonèl Sosyal

	Wi	Pafwa	Poko	
2. Èske timoun ou an sèvi avèk savon ak dlo pou lave men ak figi li epi seche yo ak yon sèvyèt san èd?	☐	☐	☐	—
3. Èske timoun ou an di w omwen kat nan bagay sa yo? Tanpri make bagay yo timoun ou konnen.	☐	☐	☐	—
a. Pwemye non li.				
b. Laj li				
c. Kote l ap viv la				
d. Non fanmi'l oswa siyati li				
e. Si'l se yon ti gason oswa tifi.				
f. Nimewo Telefòn li.				
4. Èske pitit ou ka abiye oswa dezabiye poukont li lè l sèvi avèk li bouton ak zip?	☐	☐	☐	—
5. Èske timoun ou an al nan twalèt poukont li? (Li ale nan twalèt la, chita sou bouch twalèt la, siye pou kont li epi floche twalèt la.) Make “wi” menmsi li fè li apre ou fè li sonje.	☐	☐	☐	—
6. Èske timoun ou an konn tann tou pa li epi pataje ak lòt timoun?	☐	☐	☐	—

Total nan seksyon Pèsonèl ak Sosyal _____

Seksyon an jeneral

Paran ak founisè swen ka sèvi ak espas ki anba a pou ajoute kòmantè.

1. Èske ou kwè timoun ou an tande byen? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
2. Èske ou panse ke timoun ou an pale tankou lòt timoun ki genyen menm laj avèk li? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
3. Èske ou ka konprann pifò nan sa timoun ou an di? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
4. Èske lòt moun konprann pi fò nan sa timoun ou an di? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐

Seksyon an jeneral kontinye

5. Èske ou pense timoun ou an mache, kouri ak grenpe tankou lòt timoun piti nan laj li?
Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

6. Èske youn nan paran yo gen yon istwa nan fanmi de timoun soud, oswa ki gen pwoblèm tande? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

7. Èske w enkyete pou vizyon tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

8. Èske tibebe ou te gen yon pwoblèm medikal nan dènye mwa ki sot pase yo?
Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

9. Èske w enkyete pou konpòtman tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

10. Èske gen yon bagay ki enkyete w konsènan tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐